समाद

www.esamaad.com

मैथिली भाषा मे पहिल ई-पेपर
पटना, 27 सितंबर, 2010 • अंक-51 • वर्ष-3

बिहार में नरेंद्र मोदीक कि जरूरत एहि ठाम सुशील मोदी काफी छथि : जेटली

गया मे विश्व प्रसिद्ध पितृपक्ष मेला शुरू

गया । धार्मिक मंत्रोच्चारण आओर शंखनाद क बीच सायंकाल प्रशासनिक उद्घाटन क संग गयाजी मे सनातन धर्मावलंबी क विश्व प्रसिद्ध पितृपक्ष मेला शुरू भ गेल। प्रमंडलीय आयुक्त डॉ कर्रा परशु रामय्या आ जिलाधिकारी संजय कुमार सिंह संयुक्त रूप स विष्णुद्वार क समीप फीता काटिकए मेला क उद्घाटन केलथि। एहन मान्यता अछि जे गयाजी मे आश्विन मास क कृष्णपक्ष प्रतिपदा स अमावस्या क अवधि तक मृत लोक क आत्मा अपन मोक्ष क कामना क लेल मौजूद रहैत अछि। एहि अवधि मे पिंडदान आ जल तर्पण करबा स मृत लोक कए मोक्ष क प्राप्ति होइत अछि। एहि अवसर पर आयुक्त डॉ रामय्या कहला जे देश-विदेश स आवनिहार तीर्थयात्री क सुविधा क लेल प्रशासन अपन दिस स पूरा तैयारी केलक अछि। डॉ रामय्या आधुनिक युग क न्यूक्लियर फैमिली पर चुटकी लैत कहला जे ओ जखन कष्ट मे होइत छथि त पूर्वज क याद अबैत अछि।

पहिल चरण क लेल अधिसूचना जारी

पटना। पहिल चरण क तहत विधानसभा क 47टा सीट क लेल चुनाव आयोग सोमदिन अधिसूचना जारी करि देलक। अधिसूचना जारी होइत पर्चा दाखिल करबाक प्रक्रिया आरंभ भ गेल। मुदा पहिल दिन एहि लेल कोनो उत्साह नहि देखल गेल। चारि अक्टूबर तक पर्चा दाखिल कैल जा सकत। जाहि 47टा सीट पर पहिल चरण मे 21 अक्टूबर कए मतदान हेबाक अछि ओकरा लेल विभिन्न राजनीतिक दल अपन सूची कए अंतिम रूप देबा मे लागल छथि। पर्चा क जांच पांच अक्टूबर कए कैल जाएत आओर सात अक्टूबर तक नाम वापस लेल जा सकैत अछि। 26 अक्टूबर तक पहिल चरण क चुनाव प्रक्रिया कए पूरा करि लेल जाएत। पहिल चरण क तहत जाहि 47टा सीट पर मतदान हेबाक अछि ओहि मे हरलाखी, बेनीपट्टी, खजौली, बाबूबरही, बिस्फी, मधुबनी, राजनगर (सु), झंझारपुर, फूलपरास, लौकहा, निर्मली, पिपरा, सुपौल, त्रिवेणीगंज (सु.), छातापुर, नरपतगंज, रानीगंज (सु), फारबिसगंद, अररिया, जोकीहाट, सिकटी, बहादुरगंज, ठाकुरगंज, किशनगंज, कोचाधामन, अमौर, वायसी, कस्बा, बनमनखी (सु), रुपौली, धमदाहा, पूर्णिया, कटिहार, कदवा, बलरामपुर, प्राणपुर, मनिहारी (सु), बरारी, कोढ़ा (सु), आलमनगर, बिहीगंज, सिंहेश्वर (सु), मधेपुरा, सोनबरसा (सु), सहरसा, सिमरी बख्तियारपुर आओर महिषी शामिल अछि। एहि बेर बिहार मे चुनाव छह चरण मे भ रहल अछि।



उम्मीदवार क चयन लेल शरद-नीतीश मे मंथन

पटना । जनता दल (यू) क उम्मीदवार क चयन कए लकए पार्टी क राष्ट्रीय अध्यक्ष शरद यादव आओर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार क बीच लंबा गप भेल अछि। एहि मसला पर दूनू नेता काफी राति धरि मंथन केलथि। दोसर दिस, भाजपा आ जदयू क बीच सीट क तालमेल लगभय तय भ गेल अछि। दूनू दल क बीच 141-102 क फार्मूला पर सहमति बनि गेल अछि। करीब आधा दर्जन सीट पर गतिरोध अछि, जेकरा खत्म करबा लेल गपशप भ रहल अछि। दो राउंड की बैठक करने के पश्चात शरद यादव ने पत्रकारों से कहा कि भाजपा के साथ सीटों के तालमेल को लेकर भी बात हुई है। एकाध सीटों को लेकर कुछ जिच है। इसे दूर कर लिया जाएगा। ओना पार्टी सूत्र स इ समाद भेटल अछि जे उम्मीदवार क चयन क काज पूरा भ गेल अछि। जदयू क करीब आधा दर्जन विधायक क टिकट कटि सकैत अछि। पहिने हिनकर संख्या बेसी छल। मुदा जाहि विधायक क परफार्मेंस बहुत खराब रहल, हुनकाटा टिकट स वंचित कैल जा रहल अछि।

प्रत्याशी चयन पर लालू रामविलास मे भेल गुफ्तगू

पटना । विधानसभा चुनाव मे हर सीट पर जिताऊ प्रत्याशी क चयन लेल राजद सुप्रीमो लालू प्रसाद आओर लोजपा मुखिया रामविलास पासवान क बीच काफी राति धरि वार्ता क दौर चलैत रहल। बैठक नेता प्रतिपक्ष राबड़ी देवी क 10 सर्कुलर रोड स्थित आवास पर भेल, जाहि मे ओहन प्रत्याशी कए चिह्नित कैल गेल जेकरा मे जीत क प्रबल संभावना देखल गेल। बता दी जे लालू प्रसाद त दोसर चरण क प्रत्याशी कए सिम्बल देब सेहो शुरू करि देलथि अछि।

मगध क आयुक्त सहित कईटा डीएम क तबादला संभव

पटना । मगध प्रमंडल क आयुक्त केपी रमैया सहित भारतीय प्रशासनिक सेवा क छहटा अधिकारी आ भारतीय पुलिस सेवा क पांचटा अफसर क स्थानांतरण क चर्चा अछि। छुट्टी क दिन कार्मिक आ प्रशासनिक सुधार विभाग क कनीय अधिकारी आ बाबू कए दफ्तर बजाउल गेल छल। काफी सांझ तक कार्मिक आ प्रशासनिक सुधार विभाग क दफ्तर खुलल रहल, मुदा एखन धरि अधिसूचना जारी नहि भेल अछि। गृह सचिव अमीर सुभानी सेहो सचिवालय पहुंचल छलाह मुदा कोनो भारतीय पुलिस सेवा क अफसर क तबादला क चिट्ठी नहि निकलल। चुनाव आयोग क अनुमति क बाद अधिसूचना जारी भ सकैत अछि। मगध प्रमंडल क आयुक्त केपी रमैया क स्थानांतरण लेल लोजपा चुनाव आयोग कए ज्ञापन देने अछि।

गुलाब क फूल स होएत पर्यटकक स्वागत

पटना । विश्व पर्यटन दिवस क अवसर पर बिहार पर्यटन विभाग पर्यटक कए गुलाब क फूल दकए स्वागत करत। पर्यटन विभाग आओर बिहार राज्य परिवहन विकास निगम जयप्रकाश नारायण अंतरराष्ट्रीय हवाई अड्डा पर आबनिहार यात्री कए स्वागत करत। संग हि गुलाब क फूल सेहो देत। पर्यटन निगम एहि संबंध मे एकटा आदेश सेहो निर्गत करि देलक अछि। पर्यटन होटल मे ठहरनिहार, बस आओर छोट वाहन स यात्रा करनिहार पर्यटक कए निगम क अधिकारी आ कर्मचारी स्वागत करताह। पर्यटन निगम क महाप्रबंधक घनश्याम प्रसाद दतुआर विश्व पर्यटन दिवस क लेल भ रहल तैयारीक रोज समीक्षा क रहल छथि। दोसर दिस फ्लोटिंग रेस्तरां कए नव कनिया सन सजाउल जा रहल अछि। गंगा क तेज धार मे भ्रमण करनिहार लेल निगम क दिस स डीजे क व्यवस्था कैल गेल अछि। संगहि बच्चा कए मुफ्त मे चाकलेट उपलब्ध करेबाक व्यवस्था कैल गेल अछि। एकर अलावा राजधानी क सबटा प्रमुख होटल सेहो विश्व पर्यटन दिवस पर पर्यटक क स्वागत क तैयारी मे जुटल अछि। भारत पर्यटन एहि वर्ष ग्रामीण विद्यालय मे कार्यक्रम आयोजित करि बच्चा कए पर्यटन स संबंधित जानकारी द रहल अछि।

खगड़िया क मंडल सेतु कखनो भ सकैत अछि चालू

खगड़िया । खगड़िया मे चारि अक्टूबर क बाद कखनो बीपी मंडल सेतु पर परिचालन आरंभ भ सकैत अछि। इ स्थिति गत 15 सितंबर स एक्सपेंशन गैप यथावत रहबा आ नदी क जलस्तर मे गिरावट एलाक स उत्पन्न भेल अछि। संकेत भेट रहल अछि जे सेतु पर पाया नंबर 14 स 19 तक ईट स डिवाइडर ठार कैल गेल अछि ताकि वन वे परिचालन भ सकै। एहि संबंध मे एनएच क कार्यपालक अभियंता गोपाल प्रसाद सिंह कहला जे एक्सपेंशन गैप क बढ़ोतरी नियंत्रण मे अछि आ नदी क जलस्तर मे सेहो कमी आएल अछि जाहि स वन वे परिचालन क उम्मीद जगल अछि। ओ कहला जे उच्चाधिकारी क निरीक्षण क बाद हुनकर द्वारा निर्देश भेटलाक उपरांत परिचालन आरंभ भ जाएत मुदा विभागीय सूत्र स भेटल जानकारी क अनुसार, 4-5 अक्टूबर कए एनएच क मुख्य अभियंता, पथ निर्माण विभाग क अभियंता प्रमुख समेत अन्य उच्चाधिकारी द्वारा सेतु क निरीक्षण कैल जाएत। तत्पश्चात परिचालन क अनुमति भेटत।

मधेपुरा रेल इंजन संयंत्र क लेल दिग्गज कंपनी मे भिडंत

जर्मनी क सीमेंस, फ्रांस क रेल परिवहन कंपनी एल्सटॉम, कनाडा क बॉमबार्डियर आओर जीई ट्रांसपोर्टेशन मधेपुरा मे स्थापित होइवाला एहि परियोजना क लेल आवेदन सौंप देलक अछि।

नई दिल्ली। भारतीय रेल क सरकारी आओर निजी साझेदारी क तहत बिहार क मधेपुरा मे प्रतावित रेल इंजन कारखाना जल्द शुरू भ जाएत। चारिटा अंतरराष्ट्रीय दिग्गज कंपनी मधेपुरा मे प्रस्तावित 1,000 करोड़ टकाक लागत स बनैवाला इलेक्ट्रिक लोकोमोटिव फैक्टरी क लेल बोली लगा देलक अछि। एहि परियोजना क घोषणा तत्कालीन रेल मंत्री लालू प्रसाद वित्त वर्ष 2007-08 क बजट मे केने छलाह।

जर्मनी क सीमेंस, फ्रांस क रेल परिवहन कंपनी एल्सटॉम, कनाडा क बॉमबार्डियर आओर जीई ट्रांसपोर्टेशन मधेपुरा मे स्थापित होइवाला एहि परियोजना क लेल आवेदन सौंप देलक अछि। सफल उम्मीदवार क लग मे एहि परियोजना क लेल रेलवे क संग 74/24 क अनुपात मे संयुक्त उद्यम लगेबाक विकल्प होएत। खरीद सह रख-रखाव समझौता क तहत स्थापित इ फैक्टरी अगिला दस साल तक सालाना 120 इंजन क निर्माण करत। एहि परियोजना पर लगभग 1,000 करोड़ टका क लागत एबाक अनुमान अछि। जखन एहि संबंध मे परियोजना क होड़ मे शामिल चारू कंपनी स संपर्क कैल गेल त सब कियो एहि पर टिप्पणी करबा स मना करि देलथि। मुदा उद्योग जगत क जानकार क अनुसार रेलवे क विनिर्माण परियोजना मे निजी कंपनी क प्रवेश वाकई एकटा महत्वपूर्ण गप अछि।

पटना स गो एयर क एकटा नव सेवा

पटना । गो एयर दू अक्टूबर स अपन नव उड़ान जी- 343-344 शुरू करै जा रहल अछि। एकर बाद पटना पुणे स सीधा जुड़ि जाएत। इ विमान पटना स सांझखन साढ़े छह बजे चलि कए दिल्ली होइत राति साढ़े दस बजे पुणे पहुंचत। एहि उड़ान क शुरुआत क बाद स्थानीय जयप्रकाश नारायण अंतरराष्ट्रीय हवाई अड्डे स उड़ान भरनिहार विमान क संख्या 16 भ जाएत। गो एयर क सूत्र क अनुसार दू अक्टूबर स शुरू भ रहल इ विमान सांझ साढ़े चारि बजे दिल्ली स चलि कए छह बजे पटना पहुंचत। एहि ठाम स इ साढ़े छह बजे वापसी क उड़ान भरिकए राति आठ बजे दिल्ली उतरत। दिल्ली स राति साढ़े आठ बजे चलिकए इ राति साढ़े दस बजे पुणे पहुंचत। गो एयर क अधिकारी क अनुसार 180 सीटर एयरबस 320 मे यात्री क लेल अनेक सहूलियत उपलब्ध अछि। कोनो श्रेणी क यात्री एयरपोर्ट पर दू हजार क अतिरिक्त भुगतान करि बिजनेस क्लास मे यात्रा करि सकताह। इ सहूलियत बिजनेस क्लास मे सीट उपलब्ध रहलाह पर भेटत। ज्ञात हुए जे दू सितंबर स गो एयर पटना दिल्ली क बीच अपन उड़ान शुरू केने छल।

एयर इंडिया क गया स यंगून सेवा शुरू

बोधगया (गया) । गया स म्यांमार क राजधानी यंगून क लेल एयर इंडिया क उड़ान सेवा शुरू भ गेल। सप्ताह मे दू दिन इ सेवा गया स सुलभ होएत। हवाई अड्डे क निदेशक दीपक भट्टाचार्या कहला जे एयर इंडिया क आईसी 733 विमान शुक्रदिन कोलकाता-गया-यंगून आ सोमवार दिन आईसी 733 यंगून-गया-कोलकाता क बीच उड़ान भरत। संगहि बुधदिन रायल भूटान क ड्रुक एयरवेज क केबी 122 पारो-गया-पारो क बीच बुधदिन आ रविदिन उड़ान भरत। ओतहि श्रीलंका क मिहिन लंका क सप्ताह मे दू दिन उड़ान पूर्व स जारी अछि। ओ कहला जे एहि माह मे 6 आओर 20 तारीख कए म्यांमार क एयरबगान क दूटा उड़ान मंडेलिया-गया-मंडेलिया क बीच निर्धारित अछि।

पटना स्टेशन स सेहो चलत ईजी ऑटो

पटना । हवाई अड्डा पर भेटल सफलता स उत्साहित ईजी ऑटो वाला आब स्टेशन स सेहो अपन सेवा शुरू करबाक योजना बनेलक अछि। सब किछु ठीक रहल त पहिल अक्टूबर स इ सेवा आरंभ भ जाएत। एतबे नहि कंपनी अपन तमाम ऑटो कए नव लुक द रहल अछि। कंपनी क स्थानीय निदेशक हरीश बी. अय्यर कहला जे ईजी ऑटो एयरपोर्ट पर अबनिहार यात्री कए बेहतर सेवा द रहल अछि। तमाम दुष्प्रचार क बावजूद एकर इस्तेमाल करनिहार एकरा सस्ता मानि रहल छथि। कहल जा रहल अछि जे कंपनी तमाम ऑटो कए नव लुक देल जा रहल अछि। रेलवे परिसर मे पार्किंग क लेल अधिकारी स गपशप चलि रहल अछि। उम्मीद अछि जे पहिल अक्टूबर स ईजी ऑटो क परिचालन शुरू भ जाएत।

कंपनी क ऑटो चालक क मानि त वर्षों स जमल टैक्सी वाला क तमाम विरोध क बावजूद धंधा चलि रहल अछि। हिनकर दावा अछि जे दोसर ऑटोवाला हवाई अड्डा स स्टेशन क लेल कम स कम दू सौ टका वसूलैत अछि। जखनकि ईजी ऑटो क मीटर मे मात्र 72 टका लैत अछि। मीठापुर बस अड्डा क लेल मात्र 90 टका क बिल बनैत अछि। मारुफगंज मंडी क लेल 200 टका आ हाजीपुर स्टेशन क लेल 275 टका लेल जाएत अछि।

बुद्ध सर्किट पर भेल बिहार भूटान मे चर्चा

गया। भूटान क प्रधान मंत्री लिनपो जिग्में वाई थिनले आ बिहार क मुख्यमंत्री नीतीश कुमार क बीच भेल बैठक मे बुद्ध सर्किट सहित कई मुद्दा पर विस्तार स चर्चा भेल। बैठक क बाद थिरले कहला जे भारत आ भूटान क बीच पुरान आ बेहतर संबंध अछि। एकरा आओर विस्तार देबाक जरूरत अछि।

ओ कहला जे बिहार मे पर्यटनक अपार संभावना अछि आ भूटान एहि मे बिहार कए सहयोग करबा लेल तैयार अछि। ओ कहला जे बिहार क विकास क लेल मुख्यमंत्री नीतीश कुमार क लग मे एकटा नीक योजना अछि। एहि योजना क क्रियान्वयन कैल जा रहल अछि, जाहि स बिहार क न सिर्फ आर्थिक विकास होएत, बल्कि देश विदेश स अबनिहार श्रद्धालु पर बिहार क सकारात्मक छवि तैयार होएत। बिहार क एहि योजना स, हम काफी प्रभावित छी। थिनले बौद्ध स्थल क विकास मे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार क व्यक्तिगत रूचि क सराहना केलथि।

ओ कहला जे बिहार मे भूटान स प्रत्येक वर्ष 50-60 हजार तीर्थयात्री अबैत छथि। भूटान क प्रधानमंत्री लिनपो जिग्मे वाई थिनले कहला जे भूटान सरकार भूटान-बोधगया क लेल जारी वायु सेवा क उड़ान मे वृद्धि करत आ भूटान-, बोधगया- बंगलुरु हवाई सेवा शीघ्र शुरू कैल जाएत।

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार द्वारा दोबारा बिहार एबाक क आमंत्रण कए स्वीकार करैत कहला जे भूटान भौतिकता कए मापदंड नहि मानैत अछि, बल्कि अपन संस्कृति कए बचबैत आगू बढैत अछि, आध्यात्मिकता क आधार पर विकास चाहैत अछि। एहि स न सिर्फ परिस्थिति सुरक्षित रहत, बल्कि पर्यावरण सेहो संतुलित रहत। एहि कारण स भूटान ग्लोबल वार्मिंग स बचल अछि। ओ कहला जे न सिर्फ व्यक्तिगत बल्कि राष्ट्रीय स्तर पर एहि सिद्धांत क क्रियान्वयन कैल गेल अछि। संगहि ओ उम्मीद जतेलाह जे भूटान क एहि विचार कए जल्द वैश्विक आधार भेटत।

एहि मौका पर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कहला जे भूटान एतबा बेसी विकास करि लेलक अछि जे सार्क देश मे सबस बेसी प्रति व्यक्ति आय भूटानक अछि। ओ कहला जे भूटान क सवांर्गीण विकास मे भारत क महत्वपूर्ण योगदान रहल अछि। ओ भूटान क सकल राष्ट्रीय उत्पादन क सराहना केलथि। संगहि, कुमार भूटान क प्रधानमंत्री कए महाबोधि सोसायटी ऑफ इंडिया क अध्यक्ष चुनल जेबा पर बधाई सेहो देलथि।

बिहार मे पर्यटनक अपार संभावना अछि आ भूटान एहि मे बिहार कए सहयोग करबा लेल तैयार अछि।

लालू प्रसाद जेठ बेटा तेज चुनाव मैदान मे उतारताह त नहि मुदा प्रचार करबाक घोषणा केलाह

टेलीकॉम कंपनी आब बजाउत नक्सली इलाका मे घंटी



पटना। बीतल किछु साल मे बिहार मे टेलीकॉम कंपनी मोट निवेश केलक अछि। एहि कारण स कंपनी क ग्राहक क तादाद सूबा मे 2.5 करोड़ स सेहो बेसी भ गेल अछि। आब कंपनी अपन नेटवर्क क विस्तार मे सेहो जुटि चुकल अछि। हुनकर आंखि आब ओहि इलाका पर अछि, जतए कानून व्यवस्था क हालत क वजह स इ कंपनी जेबा स हिचकिचाइत रहल अछि।

दरअसल, आइ सेहो राज्य क ओहि हिस्सा मे टेलीकॉम कंपनी क पहुंच काफी कम अछि, जतए नक्सली क बोल-बाला अछि। हालांकि, आब इ कंपनी एहि इलाका मे अपन पहुंच बढ़ेबा लेल आगू आबि रहल अछि। केंद्रीय दूरसंचार आ सूचना प्रौद्योगिकी मंत्री सचिन पायलट कहला-हमर लक्ष्य बिहार आओर झारखंड सर्किल मे बीएसएनएल कए मजबूत करब अछि। एकरा लेल हम नव इलाका क दिस रुख करि रहल छी। बाढ़ प्रभावित इलाका क संग-संग नक्सली क प्रभाववाला इलाका मे सेहो अपन मौजूदगी कए मजबूत बनेबा लेल हम कदम उठा रहल छी। ओ कहला- एहि राज्य मे हमर 2 हजार स बेसी टावर अछि। चालू वित्त वर्ष क अंत तक हम करीब एक हजार नव टावर कए स्थापित करबाक इरादा अछि। मतलब, आब बिहार क हर कोन मे 3जी सेवा क लाभ भेटत।

निजी टेलीकॉम कंपनी सेहो दू-दू हाथ करबा लेल तैयार अछि। एयरटेल क बिहार-झारखंड क मुखिया शिशिर कुमार कहला -किछु दिक्कत जरूर अछि, मुदा हम एहि स पार पाबि लेबा मे जुटल छी। हम आब ओहि इलाक दिस जा रहल छी, जाहि दिस कियो नहि गेल अछि। एखन बिहार-झारखंड मे एयरटेल क लग मे करीब 6,200 टावर अछि। इ संख्या एहि सर्किल मे मौजूद कोनो दोसर खिलाड़ी क मुकाबला काफी बेसी अछि। श्याम-सिस्टेमा टेलीसर्विसेज लि. क बिहार-झारखंड क सीओओ एमके सचदेवा कहला-हम एखन दियारा इलाका मे अपन नेटवर्क कए मजूबत बनेबाक काज मे लागल छी। एहि इलाक मे कंपनी एबा स घबराइत छल। एहि इलाका मे पहिने एबाक फायदा हमरा जरूर भेटत।

उन्नत दलहन बीज उत्पादन क तैयारी



पटना । दलहन क खेती क प्रति उदासीन भ रहल किसान क लेलएकटा नीक समाद अछि। फिलहाल प्रदेश मे दलहन बीज क संकट अछि। बीज क बदलाव दर मात्र 20 प्रतिशत अछि, एकरा 33 प्रतिशत पर पहुंचेबाक लक्ष्य राखल गेल अछि। पुरनका प्रभेद क बीज क वजह स पैदावार कम भ गेल अछि। लक्ष्य प्राप्त करबा लेल केन्द्र प्रायोजित योजना क तहत त्रिपक्षीय एकरारनामा होएत। जाहि स किसान कए उन्नत बीज उत्पादन क लेल प्रेरित कैल जाएत। कृषि वैज्ञानिक क अनुसार दलहन क बुआई अगिला सप्ताह शुरू भ जाएत। कृषि विभाग क अनुसार दलहन बीज उत्पादन क लेल किसान, कृषि विभाग आ बिहार राज्य बीज निगम क बीच त्रिपक्षीय समझौता हेबाक अछि। किसान कए बीज पर प्रति क्विंटल एक हजार टका प्रोत्साहन राशि देल जाएत, जाहि मे 250 टका बीज प्रसंस्करण क लेल देल जाएत। कृषि विभाग क दिस स जिला कृषि पदाधिकारी आ प्रखंड कृषि प्रसार अधिकारी समझौता पत्र पर हस्ताक्षर करताह। कृषि पदाधिकारी किसान कए तकनीकी जानकारी उपलब्ध करौताह। जखनकि बीज निगम द्वारा ग्रेडिंग आ बीज खरीद क गारंटी देल जाएत। बीज पर प्रोत्साहन राशि क भुगतान ग्रेडिंग क बाद होएत। खाद्य सुरक्षा मिशन क तहत एहि बेर सबटा जिला कए दलहन उत्पादन मे शामिल कैल गेल अछि। पूर्व मे केवल 13टा जिला शामिल छल। आब बीज उत्पादन क लेल उत्क्रमित दलहन विकास योजना लागू कैल जाएत। योजना क तहत प्रत्येक किसान कए पांच हेक्टेयर तक क लेल बीज पर अनुदान भेटत। खाद्य सुरक्षा मिशन क तहत बीज पर 20 प्रतिशत अनुदान देल जाएगा। एहि बेर धान क बेसी खेती नहि भ सकल अछि ताहि लेल अगता दलहन क खेती होएत।

कृषि विज्ञान केन्द्र मे रेडियो स्टेशन शुरू भेल, टीवी क तैयारी

भागलपुर। बिहार कृषि विश्वविद्यालय क अधीनस्त कृषि विज्ञान केन्द्र, बाढ़ मे किसान क लेल कृषि आधारित रेडियो स्टेशन क शुरुआत करि देल गेल अछि। 48.50 लाख क लागत स तैयार रेडियो स्टेशन स किसान सब दिन सुबह-शाम एक-एक घंटा खेती-बारी स जुड़ल जानकारी प्राप्त करि सकताह। सूचना एवं प्रसारण मंत्रालय स रेडियो स्टेशन क लेल लाइसेंस भेट गेल अछि। रेडियो स्टेशन क लेल आधुनिक प्रसारण केन्द्र सेहो बनाउल जा रहल अछि। एकर अलावा सबौर मे सेहो 100 किलोमीटर प्रसारण क्षमता क रेडियो स्टेशन क प्रस्ताव अछि। एहि ठाम सेहो जल्द रेडियो स्टेशन चालू भ जाएत। रेडियो स्टेशन क बाद किसान क समस्या क जीवंत प्रसारण टीवी पर सेहो भ सकत। एकरा लेल कुलपति डॉ मेवालाल चौधरी क पहल रंग ल रहल अछि। हुनकर पहल पर कृषि मंत्रालय बिहार कृषि विश्वविद्यालय मे 4.50 करोड़ टका स स्थापित होइवाला टीवी सेंटर कए मंजूरी दैत राशि सेहो उपलब्ध करा देलक अछि। टीवी सेंटर मे किसानों क सुविधा क लेल आधुनिक सुविधा स लैस रिकार्डिंग रूम आ स्टूडियो क स्थापना कैल जाएत। स्टूडियो मे सफल किसान क कहानी कए रिकार्ड करबाक अलावा टीवी सेंटर क कैमरा सीधा किसान क खेत पर जाकए हुनकर समस्या कए शूट करत। स्टूडियो मे बैसल वैज्ञानिक कैमरा क जरिए पौधा क बीमारी सहित किसान कए खेती-बारी मे आबैवाला समस्या क समाधान करताह। कुलपति कहला जे स्टूडियो मे एडिटिंग स लकए रिकार्डिंग सहित अन्य सुविधा होएत। प्रथम चरण मे टीवी सेंटर स पांचटा कृषि विज्ञान केन्द्र कए जोडल जाएत। जतए किसान सेटेलाइट क जरिए अपन समस्याक निदान पाउताह। ओ कहला जे टीवी सेंटर क लेल अगर आओर राशि क जरूरत होएत त सेहो उपलब्ध कराउल जाएत।

शारदा सिन्हा कए भेटल वोटर कए जागरूक करबाक जिम्मा

पटना । बिहार कोकिला पद्मश्री शारदा सिन्हा आब विधानसभा चुनाव मे वोटर कए जागरूक करबा लेल गीत गउतीह। शारदा सिन्हा आब जल्द टीवी चौनल पर गीत क माध्यम स वोट देबा लेल आग्रह करैत भेटतीह। निर्वाचन आयोग कए बिहार मे वोट क प्रति जागरूकता क लेल पूर्व राष्ट्रपति डॉ कलाम, क्रिकेटर तेंदुलकर, धौनी, छोटे पर्दा क कलाकार रतन राजपूत (लाली) आओर इंडियल आइडल क रनर दीपाली क नाम प्रस्तावित कैल गेल छल। आयोग एखन धरि केवल शारदा सिन्हा कए जन जागरण क लेल चुनलक अछि। शेष पर निर्णय बाकी है।

निर्वाचन आयोग हुनका विधानसभा चुनाव मे मतदान क प्रति जागरूकता बढ़ेबा लेल ब्रांड एम्बेसडर चुनलक अछि। ज्ञात हुए जे निर्वाचन आयोग विधानसभा चुनाव मे मतदान क प्रति निराश लोक कए बूथ पर जेबा लेल जागरूकता अभियान चलेबाक निर्णय लेने अछि। मतदाता पहचान पत्र निर्माण क लक्ष्य पूरा करबाक बाद चुनाव आयोग आब मतदान क प्रतिशत मे गिरावट कए रोकबा लेल कईटा डेग उठेलक अछि। आयोग विधानसभा चुनाव मे औसत मतदान क लक्ष्य 60 फीसदी रखलक अछि। एकरा लेल बूथ पर तैनात पुलिस कए वोटर क लेल मददगार बनेबाक गप सेहो चलि रहल अछि

आयोग मतदान क प्रतिशत बढ़ेबा लेल एहि बेर आईईसी (इंफर्मेशन एजुकेशन एंड कम्युनिकेशन) सेल गठित केलक अछि जे वोट देबा लेल मतदाता कए प्रेरित करत। संगहि विभिन्न प्रचार माध्यम स चुनाव क पूरा प्रक्रिया आओर मतदाता कए हर सूचना सुलभ करेबाक दायित्व सेहो निभाउत। सेल क माध्यम स मतदाता कए अपन पहचान पत्र, बूथ, आब्जर्वर, माइक्रो आब्जर्वर, ईवीएम, वज्र गृह, मतदान आओर मतगणना क प्रक्रिया, वाहन कोषांग, चुनाव व्यय लेखा, चुनाव सामग्री, कर्मियों क प्रतिनियुक्ति आ उम्मीदवार क बारे मे सूचना एकहि ठाम उपलब्ध होएत।

अंक- 51, साल-3, समाद प्रकाशन क लेल esamaad.com स इंटरनेट संस्करण प्रकाशित। प्रबंधक : छवि झा, संपादक : कुमुद सिंह*, समाचार संपादक : पुतुल सिंह। (*खबरक चयन लेल जिम्मेदार)। फोन : 011-22484593, 09250281098, ई-मेल : esamaad@gmail.com